

Èl Younke

El Yunque


El Yunque



Lekòl TESIS École TESIS TESIS School

Sebastian Ongay, Jose Reyes and Lilia Gonzalez

Liv sa a se twa elèv dizyèm ane nan lekòl Tasis,
Dorado, Pòtoriko, ki ekri l pou
©Liv Lang Manman.



Lilia

José

Sebastian

Ce livre a été écrit par trois élèves de dixième année
de l'École TESIS à Dorado, Porto Rico, pour
©Livres dans la Langue Maternelle.

This book was written by three tenth graders of the
TASIS School in Dorado, Puerto Rico, for
©Mother Tongue Books.

Èl Younke

El Yunque

El Yunque



Sebastian Ongay, Jose Reyes, and Lilia Gonzalez

Lili, Jose ak Seba leve byen bonè jodi a epi yo prepare valiz yo ak rad rechanj, sèvyèt, kèk ti goute pou yo manje ak dlo. Yo mete soulye yo epi yo prepare yo pou yon vwayaj byen long nan machin yo pou y al nan yon forè. Twa (3) zanmi yo soti nan vil kote yo t ap viv la ki rele Dorado, epi yo kondwi nèt ale rive Èl Younke, yon forè nasyonal ki nan zòn nòdès Pòtoriko. Lili sispèk yo te prèske rive paske wout la vin pi jis epi vin gen plis koub.



Lili, José et Séba se réveillèrent très tôt ce matin pour préparer leurs sacs avec vêtements, serviettes, des goûters et de l'eau. Après avoir enfilé leurs chaussures, ils étaient prêts à partir pour un long voyage en voiture pour la forêt. Les trois amis prirent la route depuis leur ville, Dorado, en direction de El Yunque, une forêt nationale située dans la région nord-est de Porto-Rico. Lili remarqua qu'ils étaient bientôt arrivés au moment où la route devenait plus étroite et plus sinueuse.

Lili, Jose and Seba woke up very early today and prepared their bags with extra clothing, towels, snacks and water. They put their shoes on and got ready for a very long car ride to the forest. The three friends were driving from their hometown, Dorado, all the way to El Yunque, a national forest located in the northeast region of Puerto Rico. Lili noticed they were arriving soon when the roads became narrower and curvier.

Aprè yo fin rive nan forè a, Lili, Jose ak Seba pa t pran tan pou yo wè kouman tan an te chanje epi ki jan yo te lwen lavil la.



Aussitôt arrivés à la forêt, Lili, José et Séba notèrent bien vite un environnement tropical différent et à quel point ils étaient loin de la ville.

Once they reached the forest, Lili, Jose, and Seba quickly perceived the different tropical environment and how far away they were from the city.

Pandan y ap prepare pou yon pwonmnad k ap pran karannsenk (45) minit pou yo rive yon kote ki rele *La Mina*, yon kaskad dlo ki popilè, Jose gade anlè epi l wè tout gwo pyebwa yo ki bare syèl ble a. Pwonmnad la te fatigan men sa te vo lapenn !



Alors qu'ils se préparaient pour une marche de quarante-cinq minutes vers *La Mina*, une célèbre cascade, José regarda vers le haut et vit tous ces grands arbres recouvrant le bleu du ciel. La marche était fatigante mais elle en valait la peine !

As they all got ready for a forty-five minute hike to "La Mina," a very famous waterfall, Jose looked up and saw all the big trees covering the blue sky. The hike was tiring but worth it!



Lè yo rive
nan kaskad
la, Jose,
Seba ak Lili
vole nan dlo
frèt la epi
yo rete la ap
rilaks yo.
Dlo a te
byen klè epi
rivyè a t ap
koule byen
dousman.

La Mina/La Mina/La Mina

Arrivés à la cascade, José, Séba et Lili sautèrent dans l'eau froide et se détendirent. L'eau était transparente et la rivière coulait calmement.

Once they reached the waterfall, Jose, Seba and Lili jumped into the cold water and relaxed. The water was crystal clear and the current of the river was calm.

Après ça, y a la mache ankò epi yo wè tout kalite plant, tankou yon flè ki rele *miramelinda* ak anpil bèt tout kote. Yo wè tout kalite bèt tankou : ensèk, zwazo, krapo, zandolit, mabouya.



Flè Miramelinda/Fleur Miramelinda/Miramelinda Flower

Puis ils repartirent marcher et virent différents types de plantes telles que la fleur *miramelinda* et de nombreux animaux un peu partout. Ils virent des différents types d'animaux tels que des insectes, oiseaux, grenouilles, et lézards.

After that, they went hiking again and saw different types of plants, such as the *miramelinda* flower, as well as many animals everywhere. They saw everything from insects to birds, from frogs to lizards.

Solèy la vin ap kouche, twa zanmi yo al pran machin yo epi yo kondwi tounen lakay yo avèk lespwa y ap tounen yon lòt lè pou reviv bèl esperyans sa ankò.



Krapo koki /Grenouille coquí/Coquí frog

Au coucher du soleil, les trois amis bien fatigués retournèrent à leur voiture et rentrèrent à la maison, dans l'espoir de revenir prochainement et de revivre une bien belle expérience comme celle-ci.

As the sun went down, the three very tired friends reached their car and drove home, hoping to come back soon to relive such a great experience.

Èl Younke se yon paradi natirèl Jose, Seba ak Lili renmen al vizite. Gen anpil bagay yo ka fè lè y al la : pwonmnad, glise desann mòn ak kòd, naje nan ti rivyè, monte bekàn nan mòn. Èl Younke se yon plas ki gen anpil kalite aktivite diferan moun ka fè nan yon forè twopikal pou amize yo anplennè. Kote sa a se youn nan mèvèy Pòtoriko yo tout bon vre.



El Yunque est un paradis naturel que José, Séba et Lili aiment visiter. Ils peuvent y faire de nombreuses activités, notamment la marche, le rappel, la natation dans les petites rivières, du vélo de montagne, etc. El Yunque est un endroit de diversité où chacun peut s'amuser en plein air dans une forêt tropicale. C'est vraiment l'une des merveilles de Porto-Rico.

El Yunque is a natural paradise that Jose, Seba, and Lili love to visit. There are many activities they can do; from hiking to rappelling, from swimming in the small rivers to mountain biking. El Yunque is a diverse place where anyone can have outdoor fun in a tropical forest. It is truly one of the wonders of Puerto Rico.

Kote foto yo soti

Flè Miramelinda : <http://www.fotonatura.org/galerias/general/270494/>

Krapo koki : <http://www.salonhogar.com/ciencias/animales/coqui/espanol/fotos.htm>

Jako : http://www.spainhotelsmotels.com/Isla_Verde_hotels.html

Se Terry Bava ki fè lòt foto yo.

Crédits photos

Fleur Miramelinda : <http://www.fotonatura.org/galerias/general/270494/>

Grenouille coquí : <http://www.salonhogar.com/ciencias/animales/coqui/espanol/fotos.htm>

Perroquet : http://www.spainhotelsmotels.com/Isla_Verde_hotels.html

Les autres photos ont été prises par : Terry Bava

Photo Credits

Miramelinda Flower: <http://www.fotonatura.org/galerias/general/270494/>

Coquí Frog: <http://www.salonhogar.com/ciencias/animales/coqui/espanol/fotos.htm>

Parrot: http://www.spainhotelsmotels.com/Isla_Verde_hotels.html

Other photos taken by: Terry Bava

Kesyon pou diskisyon

Nòt pou pwofesè : Li kesyon sa yo epi deside kiyès nan yo ou vle diskite ak klas ou.

1. Kisa ki te pase nan istwa a ?
2. Dekri chak pèsonaj ki nan istwa a. Kiyès ladan yo ou pi renmen ? Poukisa ?
3. Èske istwa sa aprann ou yon leson ? Si se wi, ki leson ?
4. Èske gen yon bagay nan istwa sa ki fè w sonje yon bagay ki te pase nan lavi w ?
5. Èske gen yon pwoblèm ki prezante nan istwa sa ? Kòman pwoblèm nan rezoud ? Èske gen yon lòt jan pou rezoud pwoblèm sa ?
6. Èske gen vyolans nan istwa sa ? Si genyen, èske gen yon lòt jan pou rezoud pwoblèm nan san vyolans ?
7. Èske istwa sa fè w sonje yon lòt istwa ou konnen ?
8. Kisa ou te aprann nan istwa sa a ?
9. Kisa ki te rive nan istwa sa a ou pa t atann ?
10. Ki kesyon w ap poze tèt ou sou istwa sa a ?
11. Èske ou t ap rekòmande yon zanmi w li liv sa ? Poukisa ?

Questions pour la discussion

Note aux enseignants : Lisez les questions suivantes et choisissez celles que vous voulez discuter dans votre classe.

1. Que se passe-t-il dans cette histoire ?
2. Décrivez chaque personnage. Quel est votre personnage préféré ? Pourquoi ?
3. Y a-t-il une leçon à tirer de cette histoire ? Si oui, laquelle ?
4. Y a-t-il quelque chose dans cette histoire qui vous fait penser à votre vie personnelle ?
5. Y a-t-il un problème dans cette histoire ? Comment est-il résolu ? Y aurait-il un autre moyen de le résoudre ?
6. Y a-t-il de la violence dans cette histoire ? Si oui, y aurait-il un autre moyen de résoudre le problème sans utiliser la violence ?
7. Cette histoire vous fait-elle penser à une autre histoire ?
8. Qu'avez-vous appris ?
9. Qu'est-ce qui vous a surpris ?
10. Quelles questions vous posez-vous ?
11. Recommanderiez-vous ce livre à un ami ? Pourquoi ?

Discussion Questions

Note to teachers: Read the following questions and decide which ones to discuss with your class.

1. What happened in the story?
2. Describe each character. Who is your favorite character? Why?
3. Does the story teach a lesson? If so, what is the lesson?
4. Does anything in the story remind you of your own life?
5. Is there a problem in this story? How does the problem get solved? Is there another way to solve it?
6. Is there any violence in this story? If so, is there another way to solve the problem without using violence?
7. Does this story remind you of another story?
8. What did you learn?
9. What surprised you?
10. What do you wonder about?
11. Would you recommend this book to a friend? Why?

Kèk mo sou otè yo

Sebastian Ongay, José Reyes ak Lilia Gonzalez se elèv TESIS Dorado. Yo gen 16 lane epi yo fèt sou zile karibeyan ki rele Pòtoriko. Youn nan rezon ki fè yo ekri liv sa a se paske yo ta renmen pale moun sou youn nan pi bèl kote ki genyen nan Pòtoriko ki rele « Èl Younke ».

À propos des auteurs

Sebastian Ongay, José Reyes et Lilia Gonzalez sont des élèves du collège TESIS Dorado. Ils ont 16 ans et sont nés sur l'île caribéenne de Porto Rico. Ils ont écrit ce livre dans le but de partager avec vous l'un des plus beaux endroits de Porto Rico, « El Yunque ».

About the authors

Sebastian Ongay, José Reyes, and Lilia Gonzalez are 16 year-old TESIS Dorado students who were born in the Caribbean island of Puerto Rico. One of the reasons they wrote this book is because they wanted to share one of the most beautiful places in Puerto Rico, "El Yunque."

Mèsi anpil sipotè Liv Lang Manman.
Un grand merci à nos sponsors des Livres dans la Langue Maternelle.
Many thanks to our Mother Tongue Books sponsors.



USAID
FROM THE AMERICAN PEOPLE



**Australian
AID** 



© 2014 Liv Lang Manman

Tout dwa pou fè repwodiksyon liv sa a rezève. Sa vle di: Pèsonn pa gen dwa repwodi oswa distribye okenn pati liv sa a, epi tout kalite repwodiksyon ak redistribisyon entèdi, kèlkeswa fòm, kèlkeswa fason, kit se elektwonik, kit se mekanik (fotokopi, anrejistreman, elatriye) san otorizasyon alekri nan men Liv Lang Manman.

© 2014 Livres dans la Langue Maternelle

Tous droits réservés. Aucune partie de ce livre ne peut être reproduite ou transmise sous aucune forme ou aucun moyen, électronique ou mécanique, y compris la photocopie, l'enregistrement, ou autrement, sans la permission écrite de Livres dans la Langue Maternelle.

© 2014 Mother Tongue Books

All rights reserved. No part of this book may be reproduced or transmitted in any form or by any means, electronic or mechanical, including photocopying, recording, or otherwise, without written permission of Mother Tongue Books.



Liv Lang Manman
Lekòl Komínòtè Matènwa
Matènwa, Lagonav, Ayiti
Tel: 011-509-3182-2344
www.matenwac.org

Mother Tongue Books
Friends of Matènwa
Cambridge, MA 02138
Tel: 001-617-543-8844
MotherTongueBooks@gmail.com

ISBN 978-1-940502-45-8